

RINGKESAN

PANGARUH MÉDIA PANGAJARAN QUIPPER SCHOOL KANA HASIL DIAJAR MURID DINA MATA PANGAJARAN ÉTIKA PROFESI KELAS X AKUNTANSI 1 DI SMK NEGERI 3 BANDUNG

Ku:

**Tussa Nurul Bahtiar
165020058**

Panalungtikan ieu numutkeun ku pentingna pangaruh média pangajaran pikeun hasil diajar murid supados tiasa nuturkeun jaman, diluyukeun kana pamundut sareng katangtosan peraturan menteri pendidikan sareng kabudayaan no. 56 taun 2013 anu nyatakeun yén " setiap guru wajib menerapkan teknologi informasi dan komunikasi secara terintegrasi, sistematis, dan efektif sesuai dengan situasi dan kondisi " dina raraga ngahontal tujuan pendidikan nasional. Lokasi ieu panalungtikan teh di SMK Negeri 3 Bandung anu perenahna di Jalan Solontongan No. 10 Kota Bandung, kalayan hipotésis anu nyatakeun yén aya pangaruh média pangajaran quipper school kana hasil diajar murid dina mata pelajaran étika profesi kelas X Akuntansi 1 di SMK Negeri 3 Bandung. Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta survey kalayan desain cross-sectional sareng téhnik ngumpulkeun data anu dilaksanakeun ku cara nyebarkeun angket nu eusina 21 pernyataan sareng 10 patarosan. Angket ieu dipasihkeun ka 36 siswa kelas X Akuntansi 1 kalayan téknik ngolah data nganggo tés normalitas, uji hetereoskedatisitas, sareng uji hipotesis. Hasilna nunjukkeun yén data anu disebarkeun normal. Saatos analisa dilaksanakeun, dumasarkeun kana itungan koefisien determinasi, tug ahirna yén hasil diajar siswa dina mata pelajaran étika profési dipangaruhan ku quipper school 32,5% salajengna 67.5% dipangaruhan ku faktor-faktor sanés diluar ruang lingkup quipper school anu henteu ditaliti ku panalungtik.

Kecap Konci: *Média Pangajaran Quipper School, Hasil Diajar Murid*